Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 22 (7576)
9 Май
талат
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Нилъер мурад-рекъел!



Жакъа 78 сон тIубана инсаниязалъул тарихалда жаниб киданиги букIинчIеб гIадаб рагъ лъугIаралдаса. Фашистазул чакмабаз мерхьана тIолабго Европа, ракIалдаго гьечIого ва тохлъукьего кIанцIана нилъер гIагараб ВатIаналде гьел, рахъана шагьарал, рухIана росаби, асир гьаруна гIадамал, жидецаго рахъарал ракьазда чIезаруна хасал низамал, киса-кирего тIобитIизабуна вахIшилъи ва пасалъи. Гьеб инжитлъи нилъер бахIарчияб халкъалъ хIехьечIо ва байбихьана рецIелалъулаб рагъ.

Байбихьудасанго ахиралде щвезегIан, кIалдиб рухI букIаго цIунана эбелаб ракь. Регана амбразурабазда цере, самолетал речIчIизаруна, кьвагьизаруна фашистазул эшелонал, нильго ракъун рукIадго фронталъе битIана ретIел-хьит, квен-тIех ва гь. ц. Гьеб гьединан гьабуна тушманасде бугеб рокьукълъиялъ ва цциналъ. АхIи букIана «Кинабго фронталъе, кинабго Бергьенлъиялъе гIоло!» абураб. Гьеб ахIиялда гьоркь тIубараб улкаго сверун букIана рагъулаб лагералде. Гьеле гьедин цIунана нилъеца ВатIан.

Даимаб ва абадияб рецц буго рагъул ветераназе, кIвахIтун тылалда хIалтIаразе! Жакъа нилъеца байрам кIодо гьабулеб буго рекIелъ кIудияб чIухIигун ва рохелгун!

РакIал къварилъула рагъдаса руссинчIел нилъер гIолохъаби ракIалде щведал. Жакъаги чIегIер бахъун гьечIо рагъда россал чIван хут1арал руччабаз. Чан рагъухъанасул эбел йик1арай вас вуссиналде хьулги къотIичIого, хвалил бусада егун, лъимералъул цIар ахIулаго рухI босарай, чан бахIарай къороллъарай, чан лъимер бесдал гьабураб! БитIахъего ракI гьанцIизабула гьезда бихьараб гIукъуба-гIазаб ракIалде щведал. Гьеле гьединаб балагь рештIинабуна нилъеде гитлерилаз.

Амма, кинабго гьеб ана кIочене рес гьечIеб тарихалде. Кин бугониги, жакъа байрамалъул къоялъ бокьун буго жамагIаталъе лъикIабщинаб гьаризе. Аллагьас нилъеда, лъималазда, гьезулги лъималазда бихьизе хъван батугеги додинаб рагъги гьелъул кьогIлъиги. Гьеб нилъее кьолеб буго Украиналде унеб рагъалъги. Ахирги рит1ухълъи бергьинч1ого хут1иларо.

Гьарула районалъул жамагIаталъе даимаб рекъел, щивасе щулияб сахлъи, гIемерал саназул гIумро, талихI ва гьабулебщиналъулъ икъбал!

**ГI. НУРМУХ1АМАДОВ**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## КIудияб субботник тIобитIана

29 апрелалда РДялъул БетIерасул хасаб тIадкъаялда рекъон республикаялда тIобитIана кIудияб субботник гIатIидго гьеб тIобитIана Унсоколо районалдаги.

Субботникалда гIахьаллъана районалъул учреждениял-оргинизациязул хIалтIухъаби, росабазул бутIрузул нухмалъиялда гьоркь щибал росабазул гIадамал, киналго федералиялгун началихъиял органазул хIалтIухъаби, школазул цIалдохъаби. Киса-кибего гьез рацIалъи гьабуна сверухълъиялда. Субботник тIобитIана РДялъул тIабигIаталъул ва гьелдаса пайда босиялъул министерствалъул нухмалъиялда гьоркь.

Нилъер районалда аслияб къагIидаялъ рацIа-ракъалъи гьабуна Рихьуни ГЭСалъул х1орида сверухъ, киналго



районалда ругел паркалъул зонабазда, росабазул территориязда азбарал-нухазда. Аслияб къагIидаялъ учреждениял-организациязул бихьиназ бакIарана лъел хIоралда сверухълъиялде гIоралъ бачIараб мусор, бакIал раялъул хутIелал. Руччабаз хIалтIи гьабуна жалго хIалтIулел бакIазда ва сверухълъиялда. Гьенибго данде гьабураб гIала-гьажа баччизе чIезабун букIана техника.

Къокъго абуни районалда субботник ана кIудияб жавабчилъиялда ва хIасил кьоледухъ.



Бергьенлъиялъул парад

## ЦIиял масъалаби цере лъуна



2 маялда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана иргадулаб аппаратальул совещание. Данделъиялда гIахьаллъана администрациялъул отделазул нухмалъулел.

(Ахир 2 гьумералда)

Бергьенлъиялъул къо бачIунароан
Нуж гIадал бахIарзал рукIинчIелани,
Зодихъ талихIаб бакъ къалъулароан
ГIумроялъухъ хисун босичIебани.

ЗахIматал къояца къулизаричIел
Къулула, хириял, нужее бетIер,
ГIаштIичагIи рохун нахъе риччачIел
ЧIухIун рехсола цIар наслабаз



1941-1945 с

# Берлиналде щвезегIан

**«В лесах Подвельем»-абураб фильмалда бицунеб буго Белоруссиялъул фронталда ккарал рагъазул. Гьеб фронталда рагъулезда гьоркьов вукIана Рихьуни росулъа Г1адалаев Ах1мадги…**

Советияб армиялда хъулухъ гьабизе Львовалде ккана АхIмад. Дагьалго моцIал ун рукIана хъулухъалъул, вукIана пограничниклъун, тIубазабулаан шоферасул ишги. I94I соналъул 22 июнь, хIалхьиялъул гIадатияб къо, радал мех. Цо-цо солдатал рукIана гьумеркIал чурулел, цоял радалисеб зарядка гьабулел, лъабабилел, къасисел пограничникал хисизе ине хIадурлъулел. РакIалдаго гьечIолго бакIалъулаб радиоялдасан «ГIинтIаме»,-ян байбихьигун кьолеб передачаялъ, щивав тIубазабулеб ишги тун, цIорон эхетун хутIана. Радиопередача лъугIилалдего солдатал кьералда чIезе буюрухъ кьуна командирас. Заманго иналде Львовалда тIад роржанхъизе лъугьана фашистазул самолетал...

Ракълие гьабураб къотIиги хвезабун, хиянатаб куцалда фашизмалъул хъамалчагIи тIаде кIанцIиялъ захIматаб ахIвал-хIалалде ккезабуна нилъер улка. I94I-I942 соназда тушманас чIунтизаруна гIемерал шагьарал, чIвалел рукIана гIайибго гьечIел гIадамал, байбихьуда рагъде гIураб хIадурлъи гьечIолъиялъ, нилъ нахъе къазе кколел рукIана. Амма тушманасда дандечIей киса-кибего букIана. Самолетаз замазаманалда тIаде ралел рукIана бомбаби. Львовалде рагъ щвана 27 июлалда. ХIалуцарал рукIана Львовалда. Киевалда, Новгородалда ккарал рагъал. Рагъ тIаде щварал бакIаздаса бакъбаккуде поездал цIун ритIулел рукIана лъимал, херал. Заманго иналде щущазаруна гьел шагьарал. Сверун ккун букIана жеги Новгород. ГIассияб рагъдаса хадуб гьеб шагьарги немцаз бахъана. Обинский Обреч абулеб бакIалда сверун ккун букIана АхIмад вагъулеб рота, букIинчIо гулла-хер, кваназе жо. Гьенив лъукъана АхIмад ва ккана пленлъун. Немцаз пленалъ ккурал гьел рачунел рукIана церехун.

Ракълилаб гIумруялдаги кинго кIочене кIоларо гьеб пасатаб заманалъул гIассиял суратал,-ян ракIалде щвезабулаан АхIмадица. – ГIемерисел лъукъарал, кваназе жо щвечIого рухI арал нижеда нухда унагоги гитлерилаз вахIшияб зулму гьабулаан. Рилъанхъизе кIвечIого нахъа хутIани, тункIил хъундагъалъ церехун тункулаан, гIодор ккани малаца рухулаан. Гьедин рачунел нижеда нухда ратулаан гIакъуба кьун чIварал, гIурдузда ран гъанкъарал гIадамал. Ниж щвана Полтаваялде концлагералде. Бицине хIал кIвеларо гьениб нилъер гIадамазе кьураб гIакъубаялъул. Нижее кваназе кьолаан чIакIултIан,



хъабахъ, капуста тIокIаб щибго жо цадахъ гьечIого. Концлагералда баккана дизентерия, цоги батIи-батIиял унтабиги. Къойида жаниб 60 ялде гIагарун чи холаан. Хваразда бахиллъун рукIунаан ниж, амма ВатIаналда цере хилиплъичIолъи лъазе гIоло, чIаго хутIизе хьулги букIана. Цо сордоялъ Полтаваялде нилъер самолетаз гIарада бана, нижее лъутизе рес щвана, амма битI ккечIо, нахъеги ккуна немцаз. Гьелдаса хадуб гIемераб заманго иналде БагIараб армиялъ ниж эркен гьаруна.

Хасаб цIех-рехалдаса ва медицинаялъул хал гьабиялдаса хадуб фашистаз кьураб гIакъубаялъ загIиплъарал гьал цо моцIалъ лъикIаб квен кьун, хасаб медицинаялъул бербалагьиялда гъоркь рукIана. Гьелдаса хадуб АхIмад ва гьевгун цадахъ рукIарал гIемерисел солдатал тIад руссана часталде.

I943 соналда нилъер аскарал тIолабго къуват бакIарун тIаделъана Советияб ракьалдаса фашистазул хъамалчагIи рачахъиялъе гIоло. Шоферлъун хIалтIулаго АхIмадица гулла-хер, квен чIезабулаан Белоруссиялъул тIоцебесеб фронталъул I9 бригадаялъул танкабазул часталда хадуб. Фашистазул концлагералда чанго нухалъ хвалда бадире ралагьал гьел, бокьараб бакIалда дандчIвазе бегьулеб хвалил санги гьабичIого, гьужумалъ унаан ва жидедаго тIад вахIшияб куцалда гьабураб зулму бахIарчиго бецIулаан.

-Цо нухалъ,-ян ракIалде щвезабулаан АхIмадица, -гIалхулазул гIадал ракIал лъугьарал нижер чангояс цо лъукъарав фашист хадув вехъерхъулев вукIана. ГТАялъул танкабазул аскаралъул гвардиялъул командир, кIицIулго Совет Союзалъул БахIарчи Кутуковас, рагъулаб Советалъул член, танкабазул аскаразул генерал Попионица данде гьарун, гьеб вахIшилъи нилъеда рекъоларин лъазабуна, амма нижеего кьураб гIакъубаялъул рецIел гьездаса босичIого тей, гIолохъабазе къабуллъуларoан. Нижеца эркен гьарурал Украиналъул ва Белоруссиялъул росабалъгун шагьаразда дандчIварал гIадамаз жидедаго фашистаз гьабураб зулмуялъул бицаралъги гIассилъизабулаан тушманасдехун нижер ццим. Рокъобе кагъат хъвалароаан жакъа чIаго вугониги, метер хвезе бегьулилан.

Белоруссиялъул фронталъул бетIерав командирлъун вукIана, Совет СоюзалъулункъцIулго БахIарчи, СССРалъул Верховний Главнокомандующиясул вакил Г. К. Жуков. I945 соналъул I7 апрелалда Эльба гIурул рагIалде гьев кIалъазе вахъана гьазул часталда цеве…- Нилъ бергьенлъиялде гIагарлъун руго, гьалмагъзаби, гIицIго церехун абун лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай. Жуковасул бацIалилан цIар лъун букIана гьеб заманалда гьезул танкабазул часталда немцаз. I945 соналъул 2 маялъ байбихьараб бакIалде, Берлиналде щвезабуна рагъ ва кьуна Бергьенлъиялъул салют.

-Кутакаб рохел букIана нижер ракIазулъ гьел къояз,-ян лъугIизабулаан щибаб нухалда рагъул хабар бицунаго херас.

Гьедин I94I-45 соназда Львовалдаса Берлиналде щвезегIан рагъулаб нух нахъа тана АхIмад ГIадалаевас. Гьениб бихьизабураб БахIарчилиялъе гIоло гIемерал шапакъатал кьун рукIана гьесие. Гьел ккола «За отвагу», «За взятие Берлина», «За боевые заслуги», «За победу над Германией» ва цогидалги медалал, Сталинил цIар гъоркь хъварал грамотаби, Баркалаялъул кагътал.

Жакъа нилъгун гьечIо гьев бахIарчияв солдат. Амма гIолеб гIелалда кIоченаро гьесул рагъулаб нух.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**
**«Ахихъан» газеталъул бет1ерай редактор**

# Лъай кьеялъе-цадахъаб хIалтIи

2 маялда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун дандчIвана Дагъистаналъул Гуманитарияб институталъул вакилзаби. Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул Гуманитарияб институталъул ректорасул кумекчи А-ГI. Мурзаев, Дагъистаналъул Гуманитариябгун педагогикияб колледжаялъул директарасул зам. ГI. ГIалиев, АХЧялъул директарасул зам. Ш. ХIажиевги.

ДандчIваялъул аслияб мурад букIана районалъул администрациялъулги лъай кьеялъул отделалъулги институталгун цадахъаб хIалтIи букIинаби, 9-I0 классазул цIалдохъабазул лъай гъварид гьаби букIинаби. Гьалбадерица бихьизабуна ДГИялъул аслияб масъалабилъун кколин лингвистикаялъул, журналистикаялъул, исламалъул теологиялъул, экономикаялъулгун бизнесалъул, информатикаялъул лъай гIолилазе кьеялъул рахъ лъикIлъизаби, гIолеб гIелалъул рухIияб культура борхизаби. ДГИялъ гIумроялде бахъинабула гьоркьохъеб звеноялъул Гуманитариябгун педагоглъиялъул лъай щула гьабулаго институталда цIали хадубккун гьабизе ракIалде бугезул кинабго рахъалъ кумек гьабиялъул иш. Гьениб гIатIидго хIалтIизабула дистанционнияб лъай кьеялъул технология.

# Тарихал ва хIужаби

I94I соналъул июналда фашистияб Германиялъ цоялда хадуб цояб Европаялъул гIемерисел улкаби рахъана: 35 къойида жаниб щущахъ биххизабун букIана Польша, сордокъоялда жаниб кверде бачIана Дания, рахъун рукIана Норвегия, Бельгия, Голландия ва Люксенбург. КIудияб къей щвана Англиялъул экспедиционнияб армиялъе. Нацистаз кверде росана Балканалда чанго улка.

Совет Союзалде тIаде кIанцIараб фашистияб армиялда гъорлъ букIана I90 дивизия ва 4 гьаваялъул флот-5,5 миллион солдат ва офицер, 47 азаргоялдаса цIикIкIун гIарада ва миномет, гIага-шагарго 4,3 азарго танк ва штурмалъулаб гIарада, 5 азаргогIан рагъулаб самолет.

Совет Союзалъул рагъда бугеб Армиялъул къадар рагъул иналъул заманалда гьоркьоса къотIичIого тIаде цIикIкIунеб букIана. Масала, I94I соналъул июналда гьелъул 2,9 миллион чи вукIун ватани, хадусеб заманалда 6,7 млн. чи вукIана.

I94I соналъул ахиралде СССРалъул дипломатиялъулаллъун рукIана 6 пачалихъ, I945 соналъул ахиралде-46 пачалихъалде бахана.

КIиабилеб дунялалъулго рагъалъ гъорлъе бачун букIана тIолабго дунялалъулго халкъазул щуго бутIа гьабун ункъго бутIа. Яргъилал къуватаздейин абуни ахIун рукIана II0 миллионалдаса цIикIкIун чи. КIиабилеб дунялалъулго рагъул соназда хвана 50 миллионалдаса цIикIкIун чи.

ГIадамазул бищунго цIикIкIараб ками ккана Европалъул пачалихъазе. Гьенив хвана гIага-шагарго 40 миллион чи. СССРалъул хвана гьезул бащадаб къадар.

Рагъул соназда 2456 рагъухъан мустахIикълъана лъабабго даражаялъул РеццалъуI орденазе, гьезда гъорлъ вуго 7 дагъистанияв.



# Список унцукульцев,оказавшихся в немецком плену в годы Великой Отечественной войны

1 Абакаров Рахинулла, 1897 г.р., аварец, ДАССР, Кулинский (может Кахибский) р-н, Кахабросо. Рядовой 980 сп. В плен попал 12июля 1942 г в гор. Лисичанск. Погиб в плену 22 марта 1943 г в гор. Проскуров (Раков).

2 Абдулаев Магомед Казиевич, 1915 г.р., аварец, ДАССР, Унцукульский р-н, Аракани. Рядовой. В плен попал 1 мая 1942 г, освобождён 3 мая 1945 г в гор. Загреб. В СССР оправлен 27 мая 1945 г.

3 Абдулзагиров Гази Робиатович, 1922 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Гимры. Рядовой 161 сд. В плен попал 15 июля 1941 г в гор Кишинёв. Освобождён 26 августа 1944 г. Отец Абдулзагир Газиев.

4 Абдуллаев Магомет, 1899 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Унцукуль. Призван Буйнакским РВК, 14 декабря 1941 г. Рядовой. В плен попал 5 июля 1943 г в Александровке Орловской обл. Жена Абдуллаева Мария. Освобождён 14 апреля 1945 г

5 Абдулманов Израп, 1905 г.р., аварец, ДАССР, Унцукульский р-н, Ашильта. Рядовой. В плен попал 19 июля 1942 г в гор Рабинка. Погиб в плену 7 ноября 1942 г

6 Абдурасаков Магамед Абдурасакович, 1908 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н. Красноармеец. В плен попал 1 июля 1942 г в гор Курск. Находился в рабочем батальоне до 7 сентября 1942 г

7 Абдусаламий Магомед Исмаилович, 1906 г.р., Унцукульский р-н, Балахани. Рядовой 63 сп. В плен попал 26 мая 1942 г в гор Харьков. Погиб в плену 6 декабря 1942 г в гор Хемер Хеклингсер Вер, полоса 42, участок 18, ряд 10, могила 165

8 Абидов Абдула Абидович, 1920 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н. Рядовой 104 мсп. В плен попал 20 ноября 1942 г в гор Вязьма. Погиб 24 марта 1944 г в гор Эхинген Дохау, восточнее существующего кладбища.

9 Адалаев Гаджи, 1912 г.р. ДАССР, Унцукульский р-н, Балахани. Красноармеец. Призван Буйнакским РВК в 1942 г. В плен попал 2 августа 1943 г. Отец Адалаев Магумаджи. Освобождён.

10.Алиев Абдула Магомедович, 1920 г.р., аварец, ДАССР, Унцукуль. Рядовой 50 сп. В плен попал 21 августа 1941 г в гор Унеча. Погиб в плену 20 октября 1943 г в гор Цайтхайн, кладбище III, участок 58, блок 1, ряд 12 Мать Ибрагимова Айша.

11.Алиев Магомед, 1910 г.р., Унцукульский р-н, Ашильта. Призван Буйнакским РВК 20 января 1941 г. Рядовой 683 сп. В плен попал 14 сентября 1942 г в гор Прохладный. Отец Улдяшу Али. Освобождён 26 апреля 1945 г

12.Амиргамзаев Абдурахман, 1921 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Унцукуль. Рядовой. В плен попал 30 июля 1942 г на реке Дон. Погиб в плену 11 января 1943 г в гор Проскуров (Раков).

13.Асадов Магомет, 1900 г.р., ДАССР, Унцукульский р-с, Ашильта. Погиб в плену 10 декабря 1942 г в гор Форелль-круг-Зенне. Жена Шамилят.

14.Гаджиев Абдурахман,1905 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Унцукуль. Рядовой. В плен попал 28 июля 1943 г под Орлом. Освобождён. Жена Аймат Хаджимовна.

15.Гаджиев Сейфи Сид, 1901 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Кунхи. Рядовой 626 сп. Попал в плен, освобождён 31 марта 1943 г. Жена Ражма.

16.Гаджиев Татуден, 1912 г.р., ДАССР, Ирганай. Рядовой. Попал в плен 1 мая 1942 г в гор Орёл. Жена Сурхаева Фатьма.

17. Газим Абаго, 1912 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Гимры. Призван Унцукульским РВК в 1942 г. Рядовой. В плен попал 11 мая 1942 г под Харьковом. В плену находился 3 года. Освобождён 10 апреля 1945 г. Отец Газим Магомет.

18.Газимагомет Магомед Адалович, 1910 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Балахани. Призван Унцукульским РВК в 1942 г. Рядовой. В плен попал 19 марта 1942 г. Освобождён. Жена Газимагометова Алипай Мерзаевна.

19.Газимугамедов Магомет Адалаевич, 1910 г.р., аварец, ДАССР, Унцукульский р-н, Балахани. Красноармеец 616 сп. Попал в плен 19 марта 1942 г в гор Смоленск. Освобождён.

20. Гафизов Абдула Гафизович, 1919 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Гимры. В плен попал 8 сентября 1941 г. в гор Толмачево. Находился в рабочем батальоне до1 августа 1942 г.

21. Газыв Мортазаин, 1914 г., ДАССР, Унцукульский р-н, Гимры. Призван Унцукульским РВК в 1942 г. Рядовой. В плен попал 20 августа 1942 г под гор Туапсе. В плену находился 2 года 9 месяцев. Освобождён 10 апреля 1945 г. Мать Магометалова Патимат.

22.Гамзалу Гитина Магом, 1914 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Аракани. Рядовой 7-й роты 3-го батальона 450 сп. В плен попал 5 сентября 1941 г. Освобождён.

23.Гамзатов Камал, 1915 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Харачи. Рядовой 58 сп. В плен попал 13 августа 1941 г. Шталаг-322.Погиб в плену 7 июня 1943 г. Родственница Патимат Аша.

24.Гариев Магомед Газиевич, 1906 г.р., ДАССР, Махачкала, Балахки. Рядовой. В плен попал 20 марта 1942 г. в гор Харьков. Погиб в плену 2 февраля 1943 г. в гор Остров, лагерное кладбище, могила № 284

25.Гасан-алиев Магомед Айгубович, 1915 г.р., аварец, ДАССР, Буйнакский р-н, Хариши. Рядовой.В плен попал 27 июня 1942 г. Освобождён 8 мая 1945 г.

26.Гасанов Магомед Магомедович, 1909 г.р., ДАССР, Унцукукльский р-н, Худутли. Рядовой 2-го кав. полка. В плен попал 11 мая 1942 г в гор Смоленск. Погиб в плену 18 июля 1943 г.

27.Гасанов Нурадин Гусейнович, 1904 г.р., ДАССР, Унчукатай (Унцукуль?). Рядовой 134 арт полка. В плен попал 5 июля 1943 г в гор Тамазовск. Погиб в плену18 апреля 1944 г в гор Фореллькруг-Зенне. Жена Рабият жила в гор Омск, ул. Красная, 29

28.Гасенов Магомед Яхерович, 1912 г.р., ДАССР, Ансар. Красноармеец. В плен попал 1 июля 1942 г. в гор Курск.

29.Годжиев Магомет Хаджимагомедович, 1914 г.р., ДАССР, Балахани. Рядовой 819 сп. В плен попал 12 июля 1942 г в Крыму. За время нахождения в плену совершил 3 неудачных побега. Погиб в плену 7 декабря 1942 г в гор Хемер I Хеклингсер Вер, полоса 42, участок 18, ряд 10, могила № 165 Родные Гадзиева Фатимат.

30.Далгатов (Долгатов) Мухтар Далгатович, 1911 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Аракани. Сержант 138 кав полка. В плен попал 27 марта 1942 г в гор Славянск. Жена Раджабова Фатима, мать Гаджимагомедова Патимат. Освобождён 9 мая 1945 г. 31.Джамалдинов Магомед Кадиевич, 1913 г.р., аварец, ДАССР, Унцукульский р-н, Ирганай. Рядовой. В плен попал 27 июня 1942 г. Освобождён 4 мая 1945 г.

32.Долгатов Мухтар Исхамович, 1911 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Аракани. Сержант 131 кав эскадрона. В плен попал 27 июля 1942 г в гор Горловка. Жена Долгатова Ража6а. Освобождён в мае 1945 г.

33.Доходаев Нурмагомед Магометович, 1921 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Бетли. Сержант 248 кав полка. В плен попал 29 марта 1943 г в гор Севск. Жена Исмаилова Фатима. Совершил 3 неудачных побега.

34.Закаршгаев Магомед Наби, 1917 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Гимры. В плен попал 7 июля 1941 г в Житомирской обл. Освобождён 9 мая 1945 г. Брат Абдулмажид, с. Гимры.

35.Ибрагимов Комиль, 1916 г.р., ДАССР, Кахибский р-н, Ашильта. Красноармеец. Мать жила в Ашильта. В плен попал. Освобождён 12 декабря 1943 г.

36.Ибрагимов Хайбула Ибрагимович, 1912 г. р., ДАССР, Унцукульский р-н, Цатаних. Рядовой. В плен попал 1 марта 1942 г под гор Харьков. Мать Ибрагимова Фатимат. Освобождён 10 апреля 1945 г.

37.Измаилов Абдула Абдулхамедович, 1920 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Зирани. Рядовой. В плен попал не позднее 18 августа 1941 г в гор Слоним. Совершил 3 побега. Брат Измаилов Абдулхамид. Погиб в плену 4 апреля 1943 г в гор Иоханнис-Баннберг.

38.Иматов (Имаров) Муртазали Иматович (Моллаевич), 1901 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Цатаних. Рядовой. В плен попал 3 июня 1942 г в гор Харьков. Погиб в плену 14 октября 1943 в гор Цайтхайн, полигон, участок 58, блок 1, ряд 11

39.Исламов Гамзат Магомед-Гаджиевич, 1895 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Гимры. Рядовой 1192 сп. В плен попал 1 июля 1942 г в гор Белый. Погиб в плену 24 сентября 1942 г в гор Молодечно, могила № 19 Брат Исламов Абдул.

40.Исмаилов Махмуд Исмаилович, 1911 г.р., ДАССР, Усуфлин. Рядовой 591 сп. В плен попал 5 июля 1941 г в гор Черновцы, Боян. Родные Зуанат, Зуанаш.

41.Исмаилу Алда Исмаилович, 1909 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Балаханы. Рядовой рабочего батальона. В плен попал 23 мая 1942 г в гор Лозовом. Погиб в плену 24 января 1942 г.(?) в гор Альтенграбов. Родные Борис.

42.Касанов Кевитмагам, 1924 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Бетли. Красноармеец. В плен попал не позднее 31 августа 1943 г. Содержался в лагере гор Рославль. Находился в лазарете лагеря, выписался в лагерь 6 сентября 1943 г.

43.Куджоев Макумали, 1902 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Унцукуль. Рядовой. В плен попал 28 июля 1942 г в гор Ростов. Освобождён 23 февраля 1945 Жена Макумали Мария.

44.Курамугомадов Асадулла, 1906 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Балаханы. Рядовой. Попал в плен 1 мая 1942 г на Харьковском направлении. Освобождён 18 января 1945 г. Женеа Курамугамадова Сарпат.

**(Составил научный сотрудник «Ахульго» Ибрагимов И. Р.)**

**(Продолжение следует)**

ГІайшат МАЛАЧИЕВА

# Рагъул итаркIо

## (Украиналда чIварав Унсоколоса АхIмадов МухIамад ракIалде щвеялъе)



АхIмадил МухIамад, рагъда къанщидал
ЧIегIераб бачIана 8 март,
ЧIегIер бараб кагъат кодобе кьедал
ЧIегIерлъана дунял Аминатие.
Цогидахъе тIугьдул регьулеб къоялъ
ТIегь гIадав васасул жаназаги щун,
РакI тIутIурай эбел угьдулей йиго
Ургьимес бухIулеб цIадухъги йоркьун.
Васищха вукIарав, росдал багьаяв
Беральдай восарав, кIалдай рекIараб,
ГIолилав вукIана гIамал бахилав
ХIалхъублъундай ккараб, ракI хIарамазул.
Ракьал рахъулезда данде вахъана
Нахъа чIолеб гIамал букIинчIеблъидал,
Гъужамалъ унезда цеве кIанцIана
Кивгоги вукIидал, мун байрахъулав!
Дун вахчарулезул чи гуревилан
Жив нухда лъуразе жаваб гьабурав,
ВатIанияб рагъда Берлинги босун
Вуссарав вукIанин кIудияв эмен!
Рагъал ургъулезул гъураял бутIрул
БутIрул ккун кантIизе замана щвечIищ?
Къалул цIа гъолезул цIороял кIалал
Ракълил къотIи хъвалеб къаламищ ккечIеб?
ГІайиб гьечIел кIкIунеб, балагьалъул гIор
Къвинабизе лъалеб махщелищ щвечIеб,
Гіолохъаби гъолеб жужахIалъул цIа
Свинабизе кIолеб къуватищ гьечIеб?
Рагъулаб майданалда, мун цIехолев инсул вац,
Гулил цIадакь машина, босун ун бугеб дур рухI,
ЧIаго ватизе хьулгун, йортанхъулей дур эбел
ТIокIалъ цо рагIи абун, кIалъаларев МухIамад!
Угьдулел дур гIагарлъи, гIодилел т1улил яцал
Хабар-каламги лъуг1ун, вуцIун чIеялъ ниж чIварав,
Дуй йокьун абуралъул, ургьимес кин батилеб?
Бертаде хIадурараб, кин бихилеб дур гьаб рукъ!

# ЦIиял масъалаби цере лъуна

Данделъи районалъул бетIерас байбихьана 29 апрелалда тIолго республикаялъул субботникалда гIахьаллъаразе баркала кьеялъул каламгун. Хадуб гьоркьор лъуна гIемерал кIвар цIикIкIарал суалал. Гьел рукIана культураялда, район социалияб рахьалъ цебетIезабиялда хурхарал. КIвар кьуна районалда туристазе санагIалъаби гьариялда, гьоркьоб лъуна БергьенлъиялъулКъо - 9 Май кIодо гьабиялде гьаризесел тадбиразул, гIенеккана лъай кьеялда, спорталда хурхарал ва цогидалги суалазухъ.

Районалъул бетIерас хасаб кIвар кьуна 2023 соналда районалда гIумроялде рахъинаризе кколел инвестиционниял проектазда. Республикаялъул «Проекты местных инициатив» программаялде хIадурлъиялъе тIалаб гьабулел киналго документазул пакет кьуна 8 объекталъе. Гьел ккола:

- Шамильхъалаялда парковияб зонаялда санагIалъаби чIезари,
- ГьаракIуни росулъ автомашинаби хьвадулел нухазе капиталияб ремонт гьаби,
- Балахьуни росулъ автомашинаби хьвадулел нухазе капиталияб ремонт гьаби,
- МокIсохъ росулъ автомашинаби хьвадулел нухазе капиталияб ремонт гьаби,
- Майданское росулъ автомашинаби хьвадулел нухазе капиталияб ремонт гьаби,
- Майданское росулъ бугеб кIиабилеб автомашинаби хьвадулеб нухалъе ремонт гьаби
- Рихьуни росдал территориялда санагIалъаби гьари,
- Рихьуни росулъ инжинерниял инфраструктураялъул бакIазе ремонт гьаби.

ТIубараб пакет документазул хIадурун буго Унсоколо ва Генуб школалде рахинчIел лъималазе лъай кьеялъул учреждениязда капиталияб ремонт гьабиялъе. Гьел объектал гьабсагIататалда хал гьариялда руго РДялъул Минэкономразвитиялда. Инвестиционнияб программаялда рекъон хIадурлъиялъул хIалтIаби гьарулел руго ГьаракIуни росулъ цIияб гьоркьохъеб школа баялъеги.

ГьабсагIаталда рагIалде бахъунеб буго Шамильхъалаялда жанисеб газалъул трубаби рачиналъул хIалтIаби, гьабун бахъунеб буго МокIсохъ ФАП байги.

Жакъа къоялде бакIалъулаб инициативияб проекталда рекъон хIалтIаби гьарулел руго Генуб росулъ туризм цебетIезабиялда хурхун, рагIалде бахъунеб буго имам ГъазимухIамадил зияраталда туристазе площадка гьабиялъул хIалтIиги.

«Формирование комфортной городской среды» проекталда рекъон гьабулеб буго Шамильхъала поселокалъул скверазда санагIалъаби гьари. «Мой Дагестан-Мои Дороги» республикаялъул приоритетнияб проекталда рекъон, капиталияб ремонт гьабулеб буго Рихьуни ва Майданское росабазул бакIалъулаб кIваралъул нухазе.

Районалъул бюджеталдасан капиталияб ремонт гьабулеб буго Унсоколо имам Шамилил цIаралда бугеб централияб машинаби хьвадулеб нухалъе.

Тарихалдаса

# И. В. Сталинихъе Гитлерил кагъат



- БетIерав, тIадегIанав командующий хIисабалда хIурмат гьабула дур гIакълуялъул, гьединго къимат гьабула дур тавакаллъул. Амма мун ккола гуржияв ва дица дуе гIакълу кьола мун жакъаго дурго гуржиялъе а-ян. Гьениб дуца нужерго гIелгун даимго гIумро гьабизе.

Дуца дир лъикIаб гIакълу къабул гьабичIони, дун «цIагун ва хечгун» вачIунев вуго.

40 километр хутIун буго дун Москваялде щвезе!

**Адольф Гитлер.**
**1942 соналъул I3 февраль.**

# Адольф Гитлерихъе Сталинил жаваб



КIудияб баркала дуе гIакълуялъухъ, узухъда, дун гуржияв ккола. Амма дун гIезавуна кIудияб гIурус халкъалъ ва нижер гIадаталда рекъон, дир ихтияр гьечIо захIматаб заманалда дир халкъ рехун тезе!

Берлиналда дандчIвала нилъ.

**И. В. Сталин**


| Газета основана 1937 г. | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД | Адрес редакции: | Адрес издателя и типографии |
|---|---|---|---|
| УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | 51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 7. 05. 2023 г. 17. 10<br>фактически -18. 40 мин.<br>.........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1002 экз. |